**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–01.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे लंबित प्रशासनिक मामिला के निबटेबाक लेल उन्नैस मई सँ पंचायत स्तर पर सहयोग कार्यक्रमक शुरूआत कयल जायत। एकर अंतर्गत सभ पंचायत मे मासक पहिल मंगल दिन के शिविरक आयोजन कयल जायत। श्री चौधरी आइ नालंदा के सरमेरा स्थित बाबा महतो साहेब मेला के उद्घाटन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। मुख्यमंत्री भ्रष्टाचार आ अपराधक विरूद्ध जीरो टॉलरेंसक नीति के प्रतिबद्धता दोहरौलनि अछि। ओ कहलनि जे महिला लोकनि के विरूद्ध हिंसा कखनहु बर्दाश्त नहि कयल जायत। कार्यक्रम के उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव, स्थानीय सांसद कौशलेन्द्र कुमार, विधायक श्रवण कुमार सहित कतेको गणमान्य लोकनि संबोधित कयलनि।

---

राज्य में जनगणना दू हजार सत्ताईसक अंतर्गत चलि रहल स्व–गणना के प्रक्रिया आइ राति समाप्त भऽ जायत। सत्रह अप्रील सँ शुरू भेल एहि प्रक्रिया के दरमियान प्रदेशक लाखों नागरिक आधिकारिक वेब पोर्टल–एसई डॉट सेंसस डॉट जीओवी डॉट इन के माध्यम सँ अपन आ अपन परिवारक जनतब स्वयं दर्ज कयलनि। एम्हर, राज्य मे मकान सूचीकरण आ मकानक गिनती के काज काल्हि सँ शुरू होयत। एहि चरणक अंतर्गत प्रगणक घर–घर जाकऽ नागरिक लोकनि सँ डेटा एकत्र करताह। जे कियो स्व–गणना पोर्टल पर अपन जनतब दर्ज नहि करौलनि अछि, प्रगणक हुनक घर जाकऽ व्यक्तिगत रूप सँ विवरण प्राप्त करताह। विदित अछि जे जनगणना के दोसर चरण अगिला वर्ष फरवरी मे आयोजित कयल जायत जाहि मे नागरिक लोकनिक आयु, लिंग, व्यवसाय, साक्षरता, जाति आ आन सामाजिक–आर्थिक विवरण दर्ज कयल जायत।

---

केन्द्र सरकार नागरिकता संशोधन अधिनियम दू हजार छब्बीस के अधिसूचित कऽ देलक अछि। एकर अंतर्गत ओसीआई कार्ड पंजीकरण आब पूर्णरूपेण डिजिटल होयत। नव

नियम मे ई–ओसीआई, बायोमेट्रिक आधारित फास्ट ट्रैक इमिग्रेशन आ नाबालिग लोकनिक लेल दोहरा पासपोर्ट पर प्रतिबंध जकाँ प्रावधान सम्मिलित अछि।

———————————————————————————

एलपीजी के उन्नैस किलोग्रामक कमर्शियल सिलेंडर के दाम मे नओ सय तेरानवे टाका के वृद्धि कयल गेल अछि। पटना मे नव दाम तीन हजार तीन सय छियालीस टाका पचास पाई होयत। संशोधित मूल्य आइ सँ प्रभावी भऽ गेल अछि। जखनकि घरेलू एलपीजी सिलेंडर के दाम मे कोनो परिवर्तन नहि भेल अछि। तेल विपणन   कंपनी द्वारा कयल जायवला नियमित मासिक मूल्क अपडेटक हिस्सा अछि।

———————————————————————————

आइ बुद्ध पूर्णिमा अछि। आजुक दिन भगवान गौतम बुद्ध के जन्म, ज्ञानक प्राप्ति आ महापरिनिर्वाण भेल छल। हुनका बोधगया मे महाबोधि वृक्षक नीचाँ ज्ञानक प्राप्ति भेल छल। हमर संवाददाता जनौलनि जे एहि अवसर पर बोधगया स्थित महाबोधि मंदिर मे विशेष पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह। ओ महाबोधि मंदिर कॉरिडोर आ विष्णुपद मंदिर कॉरिडोर परियोजना सभक समीक्षा सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री गयाजी के विष्णुपद मंदिर मे पूजा–अर्चना सेहो कयलनि। एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आइ पटना स्थित बुद्ध स्मृति पार्क मे बौद्ध भिक्षुक लोकनिक संग पूजा–अर्चना कयलनि। बुद्ध पूर्णिमाक अवसर पर राष्ट्रपति, प्रधानमंत्री, राज्यपाल, मुख्यमंत्री तथा विधानसभा अध्यक्ष लोक सभ के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

आई विश्व श्रमिक दिवस अछि। श्रमिक आंदोलन आ विभिन्न देश सभक अर्थव्यवस्था में कामगार सभक योगदान के चिन्हित करबाक लेल हरेक वर्ष पहिल मई के श्रमिक दिवस मनाओल जायत अछि। एकरा मई दिवस के रूप मे सेहो मनाओल जायत अछि। श्रमिक दिवस के अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव श्रमिक लोकनि के शुभकामना

देलनि अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित प्रदेशभरि मे विभिन्न मजदूर संगठनक दिस सँ कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

प्रदेशक बेसीतर भाग मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ पटना, दरभंगा, सीतामढ़ी, गोपालगंज आ सारण सहित कतेको जिला मे तेज हवाक संग हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि सेहो राज्यक कतेको क्षेत्र मे वर्षा हेबाक संभावना अछि।

---

एनटीपीसी बरौनी के इंटरनेशनल बिजनेस कॉन्फ्रेंस द्वारा आयोजित ओएचएस एंड ई एक्सीलेंस अवॉर्ड समारोह मे सेफ्टी कल्चर के लेल गोल्ड अवॉर्ड सँ सम्मानित कयल गेल।

---

मधुबनी के जिलाधिकारी आनंद शर्मा, शिवहर के जिलाधिकारी प्रतिभा रानी आ अरवल के जिलाधिकारी अमृषा बैंस के जिला मे एग्री स्टैक परियोजना के अंतर्गत फार्मर्स रजिस्ट्री मे उत्कृष्ट आ सराहनीय प्रदर्शन के लेल सम्मानित कयल गेल अछि।

---

कटिहारक जिला शिक्षा पदाधिकारी राहुल चन्द्र चौधरी सभ निजी विद्यालय प्रशासन के अपन विद्यालयक नामांकित छात्र लोकनिक अपार कार्ड तीस जून धरि बनबेबाक निर्देश देलनि अछि।

---

समाप्त भेल